WIKIPÉDIA

Basa Melayu Kuna

Basa Malayu Kuna iku basa sing mlebu ing grumbulan basa Austronésia lan dianggep salah sawijining wujud wiwitan (proto) kanggo basa Malayu. Manut sawatara cathetan, basa Malayu Kuna (MK) naté digunakaké ing antarané abad angka 7 nganti abad angka 13, ya iku ing jaman panguwasaning Wangsa Syailendra ing Jawa lan Karajan Sriwijaya. Ananing basa iki dingertèni saka prasasti lan wilahan logam (ana sing wujud emas lan ana uga tembaga) sing katemon ing Nusantara sisih kulon, kaya ta Pulo Sumatera lan saubengé, Pulo Jawa, lan Pulo Luzon, Filipina.

Tembung-tembung ing basa iki akèh kecipratan basa Sanskerta, sing nuduhaké kabudayan India sing sumrambah lan nyawiji ing urip padinan. Basa Sanskerta nganti tekan sapréné nyumbang tetembungan Basa Malayu. Aksara sing digunakaké manèka warna, wiwit aksara Pallawa, aksara Kawi utawa aksara Pasca-Pallawa[1].

Isi

Sumber-sumber basa Malayu Kuno

Ciri-ciri

Cathetan suku

Pustaka

Sumber-sumber basa Malayu Kuno

Sumber-sumber basa Malayu kuna tinemu ing prasasti-prasasti iki:

- Prasasti Kedukan Bukit[2], Palembang (605 Saka / 683 M, (basa Malayu Kuna, lan nganggo aksara Pallawa)
- Prasasti Talang Tuwo, cedhak Palembang (606 Saka / 684 M, huruf Pallawa, tinemu Residhèn Louis Constant Westenenk tanggal 17 November 1920 ing sawijining kawasan kanthi sebutan Talang Tuwo, ing sisih kulon-laut Bukit Seguntang)
- Prasasti Kota Kapur, Pulau Bangka (608 Saka / 686 M, aksara Pallawa)
- Prasasti Karang Brahi, Kabupatèn Merangin, Jambi (614 Saka / 692 M, aksara Pallawa)
- Prasasti Telaga Batu, Palembang, Sumatera Selatan, abad angka 7
- Prasasti Palas Pasemah, Palas, Lampung, abad angka 7
- Prasasti Hujung Langit, Hujung Langit, Lampung
- Prasasti Mañjuçrighra, Candhi Séwu, Prambanan, Klathèn, Jawa Tengah, 2 November 792M[3]
- Prasasti Sajamerta, Désa Sajamerta, Kacamatan Reban, Batang, Jawa Tengah[4]
- Prasasti Kayumwungan, Karangtengah, Temanggung, Jawa Tengah, 824 (dwibasa, Malayu Kuna dan Jawa Kuna)
- Prasasti Gandasuli I dan II, Candhi Gandasuli, Désa Gandasuli, Kacamatan Bulu, Temanggung, Jawa Tengah, 832[3]

- Keping Tembaga Laguna, Manila, Filipina, 900[3]
- Prasasti Bukateja, Bukateja, Purbalingga, Jawa Tengah[3]
- Prasasti Déwa Drabya, Dhièng, Jawa Tengah[3]
- Prasasti Padang Roco[5] ing (Kabupatèn Dharmasraya saiki) (dwibasa, Malayu Kuna dan Jawa Kuna)
- Prasasti Suruaso[6], di Suruaso, Kabupatèn Tanah Datar (basa Sanskerta, lan aksara Malayu)
- Kitab Undang-Undang Tanjung Tanah[1] di Kerinci (basa Malayu Kuna, lan aksara Malayu)

Ciri-ciri

Katon banget yèn basa Malayu Kuna akèh kecipratan saka basa Sanskerta liwat tembung-tembuh sesulih saka basa iku, sarta uniné konsonan aspiratif kaya ta *bh, ch, th, ph, dh, kh, h* (Conto: *sukhatchitta*). Nanging, reroncèning ukara jelas asipat Malayu utawa Austronesia, kaya ta anané imbuhan (*suffix*). Imbuhan-imbuhan ik bisa katlacak karo wujud imbuhan basa Malayu Klasik utawa basa Indonésia[7], seperti awalan *mar*- (> *ber*- dalam basa Malayu Klasik), *ni*- (> *di*-), *nipar*- (> *diper*-), *maN*- (> *meN*-), *angka* (> *ter*-), dan *maangka* (> *ter*-).

Pronomina pribadi, kaya déné basa Indonésia, uga kapérang saka pronomina mardika *(independen)* lan *èkliktik (genitif)*[8]: 1s = aku,-ku/-nku, 2p = kamu, mamu, 3s = iya, nya, 3p (hormat) = sida,-da,-nda, 2p (divinum) = kita,-ta/-nta.

Rong dhialek wis dinuga déning Aichelle ing taun 1942 lan A. Teeuw wiwit 1959[9]: Dhialèk prasasti Sumatera: *ni*-/*var*- dan dhialèk luar Sumatera *di*-/*bar*-.

Cathetan suku

1. Kozok, Uli, (2006), Kitab Undang-Undang Tanjung Tanah: Naskah Malayu yang Tertua, Jakarta: Yayasan Obor Indonésia, ISBN 979-461-603-6.
2. Coedes, George, (1930), *Les inscriptions malaises de Çrivijaya*, BEFEO.
3. Situs "The History of Pasuruan Regency" (http://www.hqcenter.org/a.php?q=1&c=2)
4. Situs Kabupatèn Batang, diakses 7 Juni 2007 (http://www.batangkab.go.id/pariwisata/Sejarah_Batang.htm)
5. Muljana, Slamet, 1981, *Kuntala, Sriwijaya Dan Suwarnabhumi*, Jakarta: Yayasan Idayu, hlm. 223.
6. Casparis, J. G. de., (1992), *Karajan Malayu dan Adityawarman*, Seminar Sajarah Malayu Kuno, Jambi, 7-8 Dhésèmber 1992. Jambi: Pamaréntah Laladan Tingkat I Jambi bekerjasama dengan Kantor Wewengkon Departemen Wiyata dan Kebudayaan Jambi, hlm. 235-256.
7. Mahdi W. 2005. Old Malay. Dalam: Adelaar K.A. & Himmelmann N. (penyunting) *The Austronesian languages of Asia and Madagascar*. Routledge. Hal. 197.
8. Mahdi W. 2005. *ibid.*. Hal. 196.
9. Mahdi W. 2005. *ibid.*. Hal. 183.

Pustaka

- Mahdi W. 2005. Old Malay. Dalam: Adelaar K.A. & Himmelmann N. *The Austronesian languages of Asia and Madagascar*. Hal. 182–200.

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Basa_Melayu_Kuna&oldid=1493517"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 08.33, 25 Sèptèmber 2019.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.